



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE DESEN KONSEPSYON POU MONIMAN AN LONÈ KOMINOTE LGBT A

*Yo te Nonme Anthony Goicolea kòm Atis pou Konsepsyone Memoryal Greenwich Village la nan Vil New York - Ou ka wè desen konsepsyon an [Isit la](#)*

*Anons sa a se Akimilasyon yon Pwosis Demann ak Revizyon Komisyon Memoryal LGBT a (LGBT Memorial Commission) te fè*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te devwale desen konsepsyon moniman ofisyèl New York la an lonè kominote LGBT a (omoseksyèl, biseksyèl, transeksyèl), sila yo ki te pèdi lavi yo nan fiziyad ki te fèt nan nightclub Pulse nan Orlando an Jen 2016 la, ak tout moun ki te viktim lahèn, entolerans ak vyolans yo. Yo te nonme Anthony Goicolea kòm artis pou konsepsyone moniman an, ki pral sitiye nan zòn lwès Greenwich Village la, nan Hudson River Park. W ap wè desen konsepsyon an [isit la](#).

“Desen konsepsyon mayifik sa a ap konplèman peyizaj la epi l ap kominike yon mesaj enklizyon entanporèl, epi moniman sa a pral sèvi kòm yon senbòl dirab pou wòl Nouyòkè yo ap jwe nan konstriksyon yon mond ki pi ekitab, ak pi jis”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Soti nan manifestasyon Stonewall yo rive nan egalite maryaj, New York toujou rete yon flanbo pou lajistis epi nou pap janm abandone angajman nou pran anvwè kominote LGBT a ak pou nou kreye yon sosyete ki pi jis ak pi enkliziv. Nouvo moniman sa a pral defann valè sa yo pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Après fiziyad trajik ki te fèt nan Orlando, Florida 12 Jen 2016 la, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 158 (Executive Order No. 158), ki tabli Komisyon Memoryal LGBT a, ki gen pou misyon pou yo konsepsyone ak konstwi yon nouvo memoryal an lonè kominote LGBT a ak viktim fiziyad Orlando a yo. Komisyon an te pibliye yon demann pwopozisyon an Oktòb 2016, epi yo te jije tout soumasyon yo sou baz entèpretasyon ak klare tèm lan, kreyativite ak orijinalite fason yo reprezante tèm lan, kalite konpozisyon atistik yo, konpatibilite ak sit la, ak kapasite pou yo ka konstwi l, pami lòt faktè ankò.

Desen konsepsyon ki espesifikman fèt pou sit la ap mache an amoni ak karakteristik Hudson River Park la epi l ap pwomouvwa panse ak refleksyon pandan y ap ankouraje moun pou yo mete tèt ansanm nan yon anviwonman kominotè. Li pral fèt ak nèf blòk

an wòch, kèk ladan yo koupe an de avèk yon pati an vit bowosilikate klè, lamine ki gen eleman refraktè ki aji kòm prism pou kreye karakteristik akansyèl rafine sou gazon ak objè ozalantou yo.

**Anthony Goicolea te di**, “Mwen santi m onore pou m rejwenn Gouvènè Cuomo ak Komisyon Memoryal LGBT a pou pwojè enpòtan sa a pou nou sonje sila yo ki te tonbe viktim lahèn, vyolans, ak entolerans, pandan l ap selebre bote kominote LGBT a. Moniman sa a pral sèvi kòm yon espas kominotè ki byen eklere, ki plen koulè, ak esperans kote vizitè yo ka chita, pote dèy, ak sonje pwòch yo pou anpil ane k ap vini ankò. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a ak administrasyon li an pou opòtinite pou fè pati moman istorik sa a”.

**Terry DeCarlo, Direktè Jeneral Sant Kominotè LGBT Orlando a, te di**, “Mwen te trè fyè pou m kanpe ak Gouvènè Cuomo lè li te anonse memoryal sa a mwa Jen ane pase a imedyatman apre trajedi Pulse la. Li vrèman fè kè m kontan pou m wè l pase a pwochèt etap la jodi a lè Gouvènè a anonse moun k ap konsepsyone memoryal la, ki se Anthony Goicolea. Mèsi paske n ap onore epi paske nou enkli nou isit la nan Orlando epi mwen atann pou m rejwenn ou, ak tout Nouyòkè yo, pou n selebre finisman memoryal sa a”.

Komisyon an gen 10 manm Gouvènè a te nonmen yo, epi Konseye Gouvènè a Alphonso David te sipèvizè ak kowòdone li. Komisyon Moniman Komemoratif LGBT a gen pou manm:

- Scott P. Campbell, Direktè Egzekitif Elton John Aids Foundation (Fondasyon Elton John kont SIDA);
- Rose Harvey, Delege Komisyon Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York yo (NYS Office of Parks, Recreation and Historic Preservation);
- Cristina Herrera, Fondatris ak PDG Translatina Network;
- Thomas Krever, Direktè Jeneral Hetrick-Martin Institute;
- Kelsey Louie, Direktè Egzekitif Gay Men’s Health Crisis (Kriz Sante Gason Omoseksyèl);
- Eunic Ortiz, Prezidan Stonewall Democrats (Demokrat Stonewall);
- Christine Quinn, PDG Women and Need (Fanm ak Bezwen) ak defansè egalite pou zafè maryaj;
- Melissa Sklarz, Direktè, Transgender Legal Defense and Education Fund (Fon ak Edikasyon Defans Legal Transeksyèl la);
- Beverly Tillery, Direktè Egzekitif NYC Anti-Violence Project (Pwojè NYC kont Vyolans); ak
- Glenda Testone, Direktè Jeneral Sant Kominotè LGBT New York a (New York LGBT Community Center).

Komisyon an pral travay ansanm ak kominote a ak lòt pati konsène yo pandan tout pwosesis enstalasyon an.

Pandan tout manda li a, Gouvènè Cuomo montre li se yon lidè nasyonal nan defans dwa LGBT yo. An 2011, New York te pase yon lwa memorab pou Egalite Maryaj (Marriage Equality Act) e sa te voye yon mesaj bay tout nasyon an: li lè li tan pou mete

fen a youn nan pi gwo inegalite sosyete a. An 2015, Gouvènè Cuomo te egzekite Règleman sa yo ki afime Lwa Dwa Imen Eta yo ap pwoteje tout moun ki transeksyèl yo, epi tout anplwaye piblik ak prive, founisè lojman, biznis, kreditè ansanm avèk lòt antite yo ta dwe konnen diskriminasyon ilegal epi yo p ap tolere l okenn kote nan Eta New York.

Pi bonè nan semèn nan, Gouvènè Cuomo te nonmen Paul Feinman nan pi gwo tribinal eta a – Tribinal Dapèl New York (New York Court of Appeals) – e nominasyon sa a, ke yo konfime semèn sa a, fè l tounen premye moun nan tribinal la ki pa kache li omoseksyèl.

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo pran angajman pou l fè New York vin premye eta nan peyi a ki mete fen a epidemi VIH/SIDA, entèdi pratik deplorab terapi konvèsyon an, e ranfòse règleman sou swen sante ak asirans pou pwoteje moun New York ki transeksyèl yo. Gouvènè a te anonse tou tout moun ki pozitif pou VIH/SIDA nan Vil New York pral kapab elijib kounye a pou lojman, transpò, ak sipò alimantè atravè agrandisman pwogram Asistans Lojman Ijans lan (Emergency Shelter Assistance). Sa pral make dènye efò nan yon seri aksyon eta te pran pou l pwoteje tout Nouyòkè kont diskriminasyon, pou l ajoute sou pwomilgasyon istorik Lwa kont Krim Rayisman (Hate Crimes Act) ki rann diskriminasyon akòz oryantasyon seksyèl yon moun ilegal depi ane 2000.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418